



# Apre Yon Dyagnostik Kansè Tiwoyid



Kansè tiwoyid se yon tip kansè ki kòmanse nan glann tiwoyid. Tiwoyid la anba boul ki devan kou w ke yo rele pòm Adan an. Li pwodwi òmòn ki ede kontwole batman kè, tansyon, tanperati kò, ak pwa. Si yo te di w ou gen kansè nan tiwoyid, ou te pwobableman deja fè analiz san, eskanè, ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou verifye kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè nan tiwoyid ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

## Tretman pou kansè tiwoyid

Tretman w lan pral depann de tip ak stad kansè nan tiwoyid ou an. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezulta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsonèl ou yo.

Pifò moun ki gen kansè tiwoyid dwè fè yon tip chiriji. Chiriji an fèt pou retire timè a. Souvan se swa yon pati oswa tout tiwoyid ou. Sa a rele yon tiwoyidektomi. Pafwa, yo retire ganglion lenfatik nan zòn kou a tou.

Yon lòt tretman pou kèk tip kansè nan tiwoyid se terapi yòd radyoaktif. Lòt tretman yo enkli radyasyon, chimyoterapi, terapi sible, ak terapi òmòn. Souvan, plis pase yon tip tretman nesesè. Doktè w pral ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

## Asire w ke w mande:

- Ki tip kansè tiwoyid mwen genyen?
- Ki stad kansè tiwoyid lan ye, e kisa sa vle di?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou mwen?
- Ki objektif tretman an?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Èske yo ka retire tout timè a?
- Èske yo pral retire yon pati oswa tout tiwoyid la?
- Èske m ap bezwen kòmanse pran medikaman pou tiwoyid?

## A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si ou bezwen chiriji, ou pral travay avèk yon chirijyen pou konnen a kisa pou atann ou anvan, pandan, ak apre chiriji an. Si w bezwen lòt tip tretman, ekip swen kansè w la pral eksplike w kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tès tou nan kèk moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap resevwa tretman pou kansè tiwoyid ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, yon moun ta ka fè yon chiriji. Efè segondè chiriji yo ap diferan de efè segondè radyasyon, chimyoterapi, oswa terapi sible. Epi moun kap resevwa menm tretman yo ka gen efè segondè diferan.

## Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ka genyen, e ki sa mwen ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?
- Èske m ap kapab fè timoun apre tretman an?
- Èske gen nenpòt esè klinik ki ta ka bon pou mwen?

## A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman, mande doktè kansè w yon rezime tretman ak yon plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral fè tès san regilye pou tcheke tiwoyid ou. Ou pral fè tès regilye pou verifye si kansè w lan retounen oswa si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Si w ap fè chiriji pou retire timè an ak tiwoyid la, ou pral gen yon sikatris nan kou w. Chiriji ak lòt tretman ka chanje fason tiwoyid ou fonksyone. Sa ka afekte kò w nan diferan fason. Asire w ke w mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si w gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te gen kansè tiwoyid yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè tiwoyid ou an retounen.

Anpil kansè tiwoyid ka geri. Men pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesesè pou verifye efikasite li.

## Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen medikaman tiwoyid epi pou konbyen tan?
- Èske m ap bezwen fè tès pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm nan tretman m ap pran an?
- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvrir lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm ke m ta dwe siveye?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an apre tretman?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan [cancer.org/haitiancreole](https://cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

## Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Li enpòtan pou w fè tès san ki montre kijan tiwoyid ou ap fonksyone. Lè w genyen epi kenbe yon gwozè nòmal, manje byen, rete aktif, pa fimen, epi lè w evite bwè alkòl, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w fè lòt kansè.

Kèk kondisyon ki ogmante risk yon moun genyen pou l gen kansè tiwoyid ka ereditè. Pafwa tès jenetik ka fèt pou konnen si ou gen yon tip ki ka ereditè. Pale ak ekip swen kansè w pou chèche konnen si tès jenetik bon pou ou.

## Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè tiwoyid sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou remnen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè reliye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèv yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.

